

**BOSTON HOUSING AUTHORITY
(DEPATMAN LOJMAN NAN BOSTON)
KONTRA LWAYE POU KAY LETA**

1. DESKRIPSYON LOKATÈ YO AK KAY YO

Nan kontra sa a, Boston Housing Authority (BHA) lwe

(Lokatè/Rezidan), # Apatman _____, _____,

(adrès)

_____, Boston, Massachusetts (Apatman/Kay)
(Distrik Vil la)

apatide _____.

2. KANTITE LAJAN LWAYE A AK DAT POU PEYE LWAYE A

Lokatè a dakò pou li peye lwaye a \$_____ davans chak mwa, le senk (5) oswa anvan dat sa a chak mwa apatide _____, 200 _____. Si Lokatè a rete nan kay la nan yon pati nan mwa a, menm si se okòmansman oswa alafen kontra lwaye a, BHA ap kontwole kantite lajan pou mwa sa a pa rapò ak kantite tan Lokatè a fè nan apatman an pandan mwa a. Lwaye sa a ap rete ofisyèl jiskaske li chanje swivan règleman BHA. BHA dakò pou li aksepte touche pou lwaye a san li pa konsidere okennn lòt lajan Lokatè a dwe BHA, epi BHA dakò pou li chèche solisyon legal pou li kolekte lòt lajan Lokatè a dwe. BHA dakò pou li aksepte touche lajan lwaye a chak mwa an de (2) pati si Lokatè a pwouve, davans epi pa ekri, li gen yon rezon valab ki fè li mande sa. Lokatè a dakò tout si BHA aksepte touche, sa pa vle di BHA ap abandone nenpòt reklamasyon BHA ta fè kont Lokatè a.

BHA ap peye pou sèvis sa yo:

Lokatè a ap peye pou sèvis sa yo:

Lokatè yo ap peye yon ti kòb anplis chak mwa si yo sèvi ak gwo aparèy Lokatè yo konn mete pou tèt pa yo (pa egzanp machin pou seche rad, konjelatè) depi prensip ak règleman BHA yo pèmèt sa. Men kantite lajan Lokatè yo ap genyen pou yo peye pou gwo aparèy Lokatè yo konn genyen; si yo gen lòt gwo aparèy pou kay ankò, Lokatè yo ap gen pou yo peye yon ti kòb anplis toujou.

Gwo Aparèy pou kay _____ Kantite lajan pou Lokatè yo peye _____

3. KONDISYON KONTRA LWAYE A; KALKIL KI REFÈT CHAK ANE AK ANTRETAN

Pou Lokatè ki nan kay leta sipòte, kondisyon kontra lwaye a kòmanse apatide dat ki ekri anwo a epi li kontinye jiskaske lwaye a fini swivan règleman Seksyon 9 Kontra Lwaye sa a.

Pou Lokatè ki nan kay gouvènman federal sipòte, kondisyon kontra lwaye a kòmanse apatide dat ki ekri anwo a epi li kontinye pandan ennan (1 an). Kontra lwaye a ap renouvre otomatikman chak ane pou yon lòt peryòd ennan (1) ankò, depi Lokatè a obsève tout prensip yo, depi moun ki abite nan menm kay ak Lokatè a obsève tout prensip yo, ak tout sa "BHA's Community Service Policy and 42 U.S.C. 1437j(c)" [Règleman Sèvis Kominotè BHA ak Seksyon 42 U.S.C 1437j(c)] di yo. Si Lokatè a oswa nenpòt granmoun enganm ki rete nan kay Lokatè a pa fè aranjman pou yo respekte tout egzijans BHA yo pandan peryòd de tan sa a, epi swivan fason "BHA's Community Service Policy and 42 U.S.C. 1437j(c)" [Règleman Sèvis Kominotè BHA ak seksyon 42 U.S.C 1437j(c)] a di a, BHA pap renouvre Kontra Lwaye a, epi lap fè tout demach pou yo mete tout moun ki nan kay la deyò swivan kondisyon ki nan Paragraf 9E ki ekri anba a. Tout kondisyon ki make sou Kontra Lwaye a ki gen pou wè ak "BHA's Community Service Policy" [Règleman Sèvis Kominotè BHA] ki pat ko ofisyèl lè yo te siyen Kontra Lwaye a, kondisyon sa yo ap vin ofisyèl epi tout Moun ki siyen kontra a ap responsab yon fwa yo adopte "BHA's Community Service Policy" (Règleman Sèvis Kominotè BHA) a, epi trant jou apre BHA fin voye yon avi bay Lokatè a pou fè Lokatè a konnen yo adopte Règleman an epi kondisyon règleman yo ofisyèl.

Swivan règleman BHA yo, se BHA kap rekalkile epi kap fè chanjman nan kantite lajan lwaye yon Lokatè sipoze peye pa mwa, epi tou BHA ap detèmine si gwozè apatman an bon pou Lokatè a, ak si Lokatè a toujou kapab benefisyé kay leta, bagay sa a ap fèt omwen yon fwa chak ane.

Pou yo kapab detèmine oswa fè chanjman sou lwaye a ak/oswa pou yo kapab bay Lokatè a yon apatman, oswa transfere yon Lokatè nan yon apatman ki ase gwo, Lokatè a fèt pou li dakò pou li voye yon deklarasyon ki siyen, ki konplè, ki pa gen manti ladann, epi ki korèk ansanm ak tout lòt enfòmasyon ki bay tout detay enpòtan sou salè tout moun nan kay Lokatè a fè, kote yap travay, ak konbyen moun ki nan kay la, bay BHA anvan trant (30) jou pase sou dat Lokatè a te fè demann nan. Met sou li, Lokatè a dakò tou pou li siyen dokiman ki bay BHA otorizasyon pou li devwale enfòmasyon sa yo bay lòt tyès pèsonn, swivan kondisyon lalwa Eta a ak/oswa kondisyon lalwa Federal egzije.

Lokatè a dakò pou li peye BHA tout lajan lwaye Lokatè a te fèt pou peye, men ki poutèt Lokatè a pat bay tout enfòmasyon yo pa ekri jan li te dwe bay BHA yo nan aplikasyon Lokatè a te fèt pou apatman an, oswa nan yon dokiman ki te fèt pou bay enfòmasyon yo te bezwen yo, oswa nan nenpòt dokiman Lokatè a te bay pou yo te fè nouvo kalkil, oswa si Lokatè a pat bay dokiman BHA te mande pou yo te ka fè nouvo kalkil la a tan

Byenke òdinèman yo fikse pri lwaye kay lè yap fè kalkil lwaye chak ane, yo kapab fikse pri lwaye kay pi souvan tou selon chanjman ki fèt nan salè moun ki nan kay Lokatè a, oswa si gen chanjman nan kantite moun ki gen nan kay Lokatè a, swivan règleman BHA yo. Lokatè ki nan kay Leta sipòte yo fèt pou rapòt tout ogmantasyon ki genyen nan salè moun ki nan kay la, depi ogmantasyon an depase 10% salè total ki antre nan kay la (amwenke oswa jiskaske BHA resevwa yon papye Massachusetts Department of Housing and Community Development [Depatman Lojman ak Devlòpman Kominotè nan Massachusetts] ki fè konnen yo pa dwe konsidere egzijans sa a). Ogmantasyon sou pri lwaye a ap vin ofisyèl, de (2) mwa apre BHA fin voye yon Notice of Rent Change [Avi sou Chanjman nan Lwaye] bay Lokatè a. Si Lokatè a pa rapòt yon chanjman ki kapab egzije yon ogmantasyon nan pri lwaye kay la, yap ogmante pri lwaye a epi yap fè ogmantasyon an kòmanse apatide dezyèm mwa apre chanjman an te fèt la.

Lè salè tout kay la bese, lajan lwaye a fèt pou li bese tou depi Lokatè a mande sa, epi si rediksyon nan pri lwaye a fèt swivan règleman BHA yo. Rediksyon nan pri lwaye a ap vin ofisyèl nan membr mwa Lokatè a rapòt chanjman ki fèt nan sitiyasyon li (depi Lokatè a rapòt chanjman an pa pi ta pase le 15 nan mwa), oswa anvan premye jou nan mwa pwochen an, apre Lokatè a fin rapòt chanjman nan sitiyasyon an (si Lokatè a rapòt chanjman an apre le 15 nan mwa a). BHA kapab pran yon ti delè pou yo fè rediksyon nan lanjan lwaye a jiskaske Lokatè a bay bon jan verifikasyon ki pwouve gen chanjman nan sitiyasyon li pou yo kapab jistifye rediksyon an, men yon fwa Lokatè a fin bay verifikasyon an, rediksyon sou lajan lwaye a ap vin ofisyèl apatide dat li te dwe kòmanse nan mwa ki fin pase yo.

Pou Lokatè ki nan kay gouvènman Federal yo, si gen yon pati nan salè a oswa si tout salè a soti nan benefis byenèt sosyal oswa asistans publik yon ajans leta bay, epi lalwa Federal, lalwa Eta a, oswa lalwa lokal gen rapòt ak pwogram nan, egzije pou yon moun nan kay la patisipe nan yon pwogram pou moun nan aprann kouman pou li sipòte tèt li finansyèman, oswa pou moun nan patisipe nan aktivite pou travay nan pwogram nan, kòm yon kondisyon pou yon moun elijib pou jwenn èd nan pwogram nan, si salè tout kay la bese poutèt moun nan pa obsève kondisyon oswa egzijans pwogram nan, nou pap bese lajan lwaye a pandan tout peryòd salè kay la bese (depi salè a bese poutèt benefis yo bese), swivan règleman BHA ak 42 USCS Seksyon 1437j(d). Si salè tout kay la bese poutèt yon fwòd ki fèt nan pwogram nan oswa nan egzijans pwogram nan, yo pap bese lwaye a, pandan tou tan salè a bese (depi salè a bese poutèt benefis yo bese), swivan règleman BHA ak 42 USCS Seksyon 1437j(d). BHA pap pran okenn desizyon poutèt Lokatè a pa obsève prensip yo oswa si gen fwòd ki fèt nan yon program oswa nan egzijans yo toutotan BHA pa resevwa yon avi pa ekri nan men yon ajans publik ki gen dwa fè sa epi avi a fèt pou fè konnen benefis tout kay la bese poutèt kay la pa obsève kondisyon yo oswa poutèt fwòd. Nenpòt ki desizyon BHA ta pran pou li pa bese lajan lwaye a swivan règleman BHA ak 42 USCS Seksyon 1437j(d), desizyon sa a fèt pou pran selon Pwosede ak Prensip pou Plent BHA yo. Pou Lokatè ki nan kay gouvènman Federal, BHA ap konsidere nenpòt diminisyon nan salè si se diminisyon nan benefis byenèt sosyal oswa asistans publik lokatè a resevwa swivan lalwa Federal, lalwa Eta a oswa lalwa lokal nan yon pwogram ki bay èd si lokatè a obsève kondisyon pou li resevwa èd la, epi si Lokatè a pa kapab jwenn travay malgre li obsève kondisyon yo, swivan 42 USCS Seksyon 1437j(f). Si gen yon dimisyon nan benefis yo ki mete pye poutèt kantite limit moun ki nan kay la kapab resevwa pandan tout lavi li, epi moun sa a pa resevwa benefis sa yo ankò poutèt yo ekspire, nou pap konsidere sa tankou kay la pa obsève kondisyon yo. Gade Paragrap 3 pou rezon sa yo.

Anvan nou fè nenpòt ki chanjman nan pri lwaye yon Lokatè, nap voye yon Avi sou Chanjman Lwaye a bay Lokatè a pa ekri pou nou fè Lokatè a konnen enfòmasyon sa yo:

- A. Nouvo pri lwaye a ak dat lap kòmanse a;
- B. Kantite lajan ki antre kay Lokatè a, kantite moun ki gen nan kay la ak lòt detay BHA konsidere lè lap detèmine nouvo pri lwaye Lokatè a;
- C. Dwa Lokatè a genyen, ak mwayen pou li mande pou yo ba li yon odyans swivan pwosede pou pote plent la.

4. POU PRAN LOJMAN NAN APATMAN AN

Lokatè a dakò pou li pa pase lwaye sa a bay lòt moun, pou li pa sou-lwe ni transfere Apatman an bay lòt moun, pou li pa pran pansonè ni moun ki vin desann pou pase de ou twa jou, epi pou li pa sèvi ak Apatman an ni pèmèt moun sèvi ak Apatman an pou okenn lòt rezon apade kay prive Lokatè a ak lòt moun ki gen non yo sou kontra lwaye sa a, oswa sou yon lòt fèy anplis yo ajoute sou kontra lwaye a. Ak pèmisyon BHA, epi BHA pa kapab kenbe pèmisyon an san rezon, moun ki nan kay Lokatè a kapab mennen aktivite legal pou yo fè pwofi ki pa gen anyen pou wè ak sèvis prensipal Apatman an kòm rezidans moun nan kay la, depi yo pran bon jan asirans responsabilite pou aktivite sa yo, epi depi aktivite yo obsève tout egzijans ki aplike pou zòn nan ansam ak tout egzijans pou lisans federal, lisans eta a ak lisans lokal, epi depi aktivite legal sa yo pap koze oswa pa gen posiblité pou yo koze twoub ni mete vwazen yo malalèz, epi depi aktivite legal sa yo pap ogmante bil limyè/dlo/chofaj elatriye BHA yo, epi depi yo pap fè BHA fè lòt depans anplis. Lokatè a pap pèmèt okenn lòt moun rete nan apatman an, eksepte si se yon moun ki vin rann yon vizit tanporè, epi okenn nan vizitè sa yo pa kapab rete nan Apatman pandan plis pase karantsenk (45) nwit (oswa karantsenk (45) jou ototal) si vizitè a dòmi regilyèman pandan lajounen), pandan nenpòt peryòd douz (12) mwa, amwenke BHA pou yon bon valab konsanti pou moun nan pase yon peryòd de tan ki pi long pa ekri anvan 45 nwit sa yo oswa peryòd de tan ki pi long lan fin pase swivan kantite tan yo te otorize a, amwenke yo detèmine dabò vizitè a fè pati moun ki rete nan kay la swivan règleman BHA yo, oswa Lokatè a depoze yon aplikasyon pou ajoute vizitè a kòm moun ki rete nan kay Lokatè a, epi yap rete tann yo apwouve aplikasyon an. Swivan règleman BHA, epi ak konsantman pa ekri BHA davans, epi BHA pa kapab kenbe konsantman pou yon tan ki pa rezonab, Lokatè a kapab okipe timoun li adopte oswa li kapab pèmèt yon moun kap okipe pitit li rete nan nan kay la tankou se yon manm nan fanmi Lokatè a (swivan definisyon règleman BHA a).

BHA egzije pou chak moun nan kay la rete nan apatman pandan omwen nèf (9) mwa pandan nenpòt peryòd douz (12) mwa, amwenke BHA jwenn yon bon valab pou moutre moun lan te absan pandan yon peryòd de tan ki depase twa mwa. Pami “rezon valab” yo nou ka site, (se pa rezon sa yo sèlman ki konte) moun nan entène lopital, li travay yon lòt kote, oswa plasman tanporè kay moun ki elve pitit lòt moun (foster care). Yon moun ki rete nan yon kay men ki pa la paske moun nan ale lekòl yon lòt kote oswa poutèt moun nan ale fè sèvis militè. Yap eskize moun nan pou kondisyon sa yo depi moun nan bay prèv li nan lekòl oswa nan sèvis militè a.

Si Lokatè sa a kite Apatman an epi yon manm nan fanmi an rete nan Apatman an, epi li gen non li sou kontra lwaye a, li kapab fè aplikasyon pou li vin Lokatè swivan Règleman BHA pou Lokatè kap Rete; swivan règleman eta a, ak/oswa nenpòt lòt plan, prensip oswa règleman ki bay dwa pou pase lwaye a bay yon lòt moun.

5. KOUMAN POU FÈ TRANSFÈ APATMAN

Yon Lokatè kapab fè transfè soti nan yon Apatman ale nan yon lòt si li obseve egzijans ak pwosede règleman BHA yo.

BHA gen otorizasyon pou li transfere yon Lokatè daprè kondisyon ki dekri nan Seksyon 7.H ki sou Kontra Lwaye a. Sa ka fèt swivan egzijans reglèman BHA a. Yap transfere Lokatè a nan yon Apatman ki menm gwosè a, ki koresponn ak kantite moun ki nan kay la, epi BHA ap fè lokatè a konnen lè gen yon Apatman ki disponib. Oswa, si Lokatè a oubyen nenpòt ki moun ki rete kay Lokatè a pa gen yon enfimite menm jan li dekri nan lalwa a, BHA gen otorizasyon pou li transfere Lokatè a nan yon Apatman ki ka pran tout moun, depi BHA bezwen Apatman Lokatè a genyen koulye a pou li kapab mete yon lòt Lokatè BHA ki gen yon enfimite nan yon Apatman ki rezonab menm jan li dekri nan lalwa a.

Swivan reglèman BHA, BHA gen otorizasyon pou li transfere yon Lokatè nan yon lòt Apatman si BHA rekonèt transfè a nesesè pou pwoteje lasante ak sekirite Lokatè a, oswa si BHA soti pou li fèmen biling oubyen Apatman kote Lokatè a rete.

6. PWOBLÈM KI KAPAB KOZE DANJE POU LAVI, POU LASANTE, OSWA POU SEKIRITE; RABÈ NAN LAJAN LWAYE A

Si gen reparasyon ki dwe fèt nan Apatman an, epi sa kreye yon danje pou lavi, pou lasante, oswa pou sekirite moun ki rete nan apatman yo, lè sa a:

- A. Lokatè a fèt pou li fè BHA konnen gen domaj nan Apatman an touswit;
- B. BHA responsab pou li fè reparasyon nan Apatman an, nan yon tan rezonab; men si se Lokatè a, oswa yon moun ki nan kay Lokatè a, oswa yon envite Lokatè a ki fè domaj la, BHA ap fè Lokatè a peye pri li koute pou fè reparasyon an epi Lokatè a ap gen pou peye l.
- C. BHA fèt pou li bay yon lòt kay ki gen menm kalite konfò yo, si kay sa disponib, lè reparasyon ki dwe fèt yo pap kapab fèt nan yon tan rezonab; epi

- D. BHA fèt pou bese lajan lwaye Lokatè a nan yon nivo ki koresponn ak kantite dega ki fèt yo. Si reparasyon an pa fèt nan yon tan rezonab, yap konsidere sa nan rabè a tou. Sèl bagay yo pap fè rabè sou pri lwaye a si Lokatè a pa aksepte yon lòt Apatman nan plas Apatman an oubyen si se Lokatè a, yon moun nan kay Lokatè a, oswa yon envite ki lakòz domaj la.

7. OBLIGASYON BHA GENYEN

- BHA ap gen pou li fè aksyon nou pral site la yo tout tan epi se BHA ki pou fè depans pou:
- A. Pèmèt Lokatè a jwi kay li lwe a, epi an menm tan lap respekte dwa lokatè a genyen pou li viv lavi prive li;
 - B. BHA pap mele ni li pap kreye pwoblèm nan dwa Lokatè a genyen pou li kreye/rantre nan yon òganizasyon lokatè;
 - C. Si yo pa refize san rezon pou yo akòde demann Lokatè a te fè swa pou yo ba li yon ekstansyon sou lwaye a pandan yon peryòd de tan ki rezonab, oubyen pou BHA ak Lokatè a etabli yon plan peman pou Lokatè a peye lwaye li dwe pou mwa ki deja pase yo, depi Lokatè a bay yon rezon valab ki fè li pat peye lajan lwaye a atan, depi Lokatè a gen bon dosye epi depi Lokatè a pat janm mande yon ekstansyon pou peye lwaye a anvan sa, ni yon plan pou peye lwaye. Si Lokatè a pa respekte kondisyon ekstansyon sou lwaye a oswa sou plan pou li peye a pa ekri, BHA ap kòmanse yon aksyon legal kont Lokatè a.
 - D. Lè Lokatè a ap pran lojman nan apatman an, BHA fèt pou bay Apatman an nan bon kondisyon, san danje epi byen pwòp swivan kondisyon Chapit II nan Kòd Sanitasyon Leta a, ansanm ak lòt lwa ak reglèman lokal, reglèman leta a reglèman federal egzije yo.
 - (1) Pou li bay epi pou li kenbe Apatman an nan bon kondisyon, pou li kapab bay chofaj swivan Kòd Sanitasyon Leta a, epi pou li bay chofaj sa a sòf si yo mande Lokatè a pou li achte lwil la;
 - (2) Pou li bay epi pou li kenbe Apatman an nan bon kondisyon, pou li kapab chofe dlo a yon tanperati ki obsève sa Kòd Sanitasyon Leta a mande a, epi pou li bay yon kantite dlo ak presyon pou yo ka itilize dlo a pou sèvis nòmal, epi si yo mande Lokatè a pou li achte lwil la;
 - (3) Pou yo fè flite tout bilding nan regilyèman epi otan yo kapab;
 - E. Pou yo debleye lanèj nan antre garaj yo epi pou yo retire lanèj la nan kote pyeton pase, kote machin pase epi kote machin estasyonen; pou yo kenbe kote tout moun pase, ak kote tout moun chita pou jwe nan yon eta ki rezonab; men sèl bagay lakou ki sou responsabilite Lokatè a pa ladan;
 - F. Pou yo bay frijidè ak fou ki mache epi ki pa prezante okenn danje, epi ki konfòm ak gwo sè apatman an;
 - G. Pou mete yon nouvo seri oswa yon nouvo silend (cylinder) lè yon nouvo Lokatè vin pran lojman;
 - H. Voye lèt bay Lokatè a pou fè l konnen tout rezon ki fè BHA ap pran aksyon legal kont li, epi pou yo fè lokatè a konnen tout dwa li genyen antanke Lokatè pou li mande yon odyans ak konbyen tan li genyen pou li mande odyans sila, depi pwosede pou pote plent BHA genyen an egzije BHA pou li bay Lokatè an yon opòtinite pou li gen yon odyans;
 - I. Fè tout efò pou li fè tout reparasyon woutin ki pa ijan, nan Apatman an, nan zòn kote tout moun sèvi epi nan kote tout moun chita jwe anvan trant (30) jou pase sou dat yo te resevwa avi a.;
 - J. Fè tout efò pou li fè tout reparasyon dijans pou tout domaj BHA panse ki kapab vin yon menas grav, epi ki kapab poze yon danje pou lasante epi pou sekirite moun ki nan kay Lokatè a, 24 èdtan apre BHA te resevwa avi a;
 - K. Respekte enfòmasyon sekrè ki nan dosye lokatè yo swivan Lalwa, Lòd Egzekitif, ak Règ ansanm ak prensip ki mande pou kenbe enfòmasyon yo ansekrrè.
 - L. Pou BHA travay sou aplikasyon yo epi sou pri lwaye a byen vit;
 - M. Pou BHA kòmanse pran aksyon pou mete lòt Lokatè oswa moun ki nan kay lòt Lokatè ki gen movèz kondwit deyò, si kondwit Lokatè a oswa kondwit envite Lokatè a mete lasante, oswa sekirite Lokatè a, moun ki kay Lokatè a, lòt Lokatè BHA yo, oswa anplwaye BHA yo an danje; epi
 - N. Chanje kle seri yo toudswit, lè moun nan yon kay gen lòd tribinal pou yo pa pran kontak ak lòt moun nan kay la poutèt vyolans domestik, epi pou yo pa chaje moun nan okenn lajan si règleman yo mande sa.

8. OBLIGASYON RESIDAN YO GENYEN

Pandan tout tan kontra lwaye a valab, Lokatè a dakò pou li:

- A. Byen konpòte tèt li, epi pou li fè lòt moun nan kay la ak nenpòt lòt moun ki nan bilding nan, oswa nenpòt moun ki pran rantre nan bilding nan ak konsantman li, pou yo konpòte tèt yo yon fason ki pap twouble lapè lòt Lokatè oswa vwazén yo ap jwi nan apatman yo, li pa dwe anmède, ni jouré, ni li pa dwe mete lòt Lokatè an danje, ni li pa dwe menase ni bay lòt Lokatè pwoblèm san rezon, ni okenn anplwaye BHA, ni okenn lòt moun ki nan bilding nan legalman oswa ki sou propriyete BHA oswa ki rete tou pre a, nan vwazinaj pwopriyete BHA a, epi li pa dwe koze domaj, pou bilding nan ka rete nan yon eta ki desan, san danje epi nan bon kondisyon ijyèn;
- B. Byen konpòte tèt li epi lap fè lòt moun ki nan kay la ak lòt moun ki nan bilding nan oswa ki pral rantre nan bilding nan ak konsantman li, konpòte tèt yo, yon fason ki pap vyole dwa sivil okenn lòt Lokatè, envite, anplwaye BHA, oswa lòt moun ki sou pwopriyete BHA a legalman;

- C. Kenbe Apatman an ak lòt zòn Lokatè a gen dwa itilize yo byen pwòp epi san danje;
- D. Retire lanèj, glas, fatra, ak nenpòt bagay ki bare kote Lokatè a antre; retire tout sa ki ka koze danje nan lakou prive yo, epi toujou awoze zèb ak plant yo, toujou retire fèy sèch epi taye plant ak gazon ki nan tout alantou kay, kondominyòm, mezondkanpay, ak tout kote ki gen antre endividyle;
- E. Fè BHA konnen touswit tout sa ki bezwen reparasyon ak antretyen nan Apatman an ak zòn kote tout moun sèvi epi nan lakou yo tou;
- F. Mete tout fatra ak tout sa w pa bezwen nan Apatman nan sache ki byen fèmen, epi mete tout sache yo nan dwoum oswa nan vesò BHA mete nan tout kote biwo administrasyon lokal la make yo, epi obsèvè tout règ sou fason pou jete fatra menm jan administrasyon BHA a nan biling kote Apatman Lokatè a mande pou fè;
- G. Peye bòdwo pou ranplase seri ak pri li koute pou tout materyèl epi pou travay reparasyon pou nenpòt domaj ki fèt nan pwopriyete BHA toudswit, depi se negligans oswa malveyans yon Lokatè ki lakòz, yon moun nan kay Lokatè a oswa yon envite ki koze domaj la; bòdwo a fèt pou li gen detay chak atik ki gen domaj apa, reparasyon ki fèt la, epi pri travay la ak pri materyèl yo; ou pa oblige peye bòdwo a anvan le premye nan dezyèm mwa apre mwa depans pou domaj la te fèt la; BHA ap afiche yon lis ki di konbyen yo chaje pa èdtan pou travay nan chak biwo administrasyon;
- H. Kenbe tout bët, swa nan Apatman an oswa nan zòn biling nan; ou gen dwa fè sa swivan kondisyon Règleman BHA genyen pou Bèt yo nan épòk la epi swivan kondisyon lalwa sèlman;
- I. Lè kontra lwaye a fini, kite Apatman an, aparèy, ak founiti BHA te mete pou sèvi yo. Kenbe yo nan bon eta menm jan yo te ye nan dat lwaye a te kòmanse a, oswa menm jan yo te ye lè BHA te enstale yo a, eksepte si yo abime nòmalman, yo pèdi nan dife oswa si gen lòt kòz ki fè yo abime;
- J. Eseye pa rantre, ni pa fè pyès moun ki nan kay Lokatè a, envite yo, oswa nenpòt lòt moun ki sou kontwòl Lokatè a nan okenn aktivite kriminèl oswa aktivite ilegal; eseye pa rantre ni fè moun ki nan kay Lokatè a rantre nan:
 - (1) Okenn aktivite kriminèl, aktivite ilegal oswa lòt aktivite ki menase lasante, sekirite oswa dwa yon lòt Lokatè, oswa yon anplwaye BHA genyen pou li jwi biling lojman publik la, ni menase lasante oswa sekirite nenpòt moun ki rete nan zòn ki tou pre biling lojman publik la;
 - (2) Okenn aktivite vyolans oswa dwòg ki gen aktivite kriminèl ladan li, ni sou pwopriyete BHA ni lè w pa sou pwopriyete BHA, ni okennn aktivite ki ka koze yon kondanasyon kriminèl;
- K. Pa enstale seri ni fè okenn modifikasyon, ni ajoute anyen, ni deyò ni andedan Apatman an, oswa biling nan, san ou pa gen otorizasyon ekri BHA davans. BHA pa kapab kenbe otorizasyon an pandan yon tan ki pa rezonab. Si Lokatè a fè nenpòt modifikasyon oswa ajoute nenpòt bagay nan apatman an epi bagay sa a pa kapab soti san li pa koze domaj pèmanan nan apatman an, bagay sa a ap vin tounen pwopriyete BHA, epi BHA pap peye Lokatè a pou modifikasyon an ni bagay sa Lokatè a ajoute a. Men, si Lokatè a gen otorizasyon BHA pa ekri, Lokatè a gen dwa retire modifikasyon an oswa bagay li te ajoute a depi sa pap koze domaj pèmanan epi depi Lokatè a ranje apatman an pou li vin tounen menm jan li te ye a. BHA pa gen dwa kenbe otorizasyon an pandan yon peryòd de tan ki pa rezonab;
- L. Eseye pa enstale gwo aparèy tankou èkondisyone, machin alave, machin pou seche rad, konjelatè ni okenn aparèy ki lou, tankou kabann ki gen matla ki gen dlo ladan yo, san ou pa gen otorizasyon BHA davans, BHA pa kapab kenbe otorizasyon an pou yon peryòd de tan ki pa rezonab;
- M. Eseye pa enstale, mete, sere, bati, plante, konstwi oswa sèvi ak pisin, ti basen, pisin pou timoun oswa nenpòt lòt kalite pisin ki depase dizwit (18) pous nan wotè ak swasanndis (70) pous nan dyamèt sou pwopriyete BHA a. Lokatè a fèt pou jete tou dlo ki nan pisin nan lè yo pap sèvi ak pisin nan;
- N. Respekte tout règleman BHA dekrete yo , se pou benefis ak byenèt biling nan ansanm ak tout Lokatè yo;
- O. Pran responsabilite nou epi peye lwaye a ak tout lòt lajan nou dwe, pou kay nou te lwe nan men BHA depi anvan sa;
- P. Pa maltrete plonbri ak lòt sèvis ki gen nan apatman an, ou bezwen yo alòs kenbe yo nan bon kondisyon. Kenbe tout alam pou detekte lafimen oswa lòt aparèy pou sekirite kont dife ki nan apatman an yo kote ki pa bare, epi pa fè anyen pou vin fè alam nan oswa aparèy pou sekirite kont dife a pa fonksyone, epi fè BHA konnen toudswit si aparèy sa yo pa fonksyone;
- Q. Siyen yon nouvo kontra lwaye; yon papye pou ajoute sou kontra lwaye a oswa lòt dokiman ki nesesè pou montre yo te rekalkile lwaye a, pou montre te gen chanjman nan kantite moun ki nan kay la, oswa pou montre gen chanjman nan kondisyon lwaye a, chak fwa li nesesè pou w fè sa;
- R. Patisipe nan salè, taks, ak/oswa sistèm pou "match bank" yo menm jan lalwa Eta a ak Lalwa Federal dekri, epi lè yo mande w sa, bay enfòmasyon ak otorizasyon nesesè sou salè, taks ak bank lan;
- S. Devwale enfòmasyon ou resevwa nan men U.S. Department of Housing and Urban Development ("HUD") [Depatman Lojman ak Devlòpman Iben Ozetazini] konsènan salè swivan pwosede HUD etabli pou verifye salè yo;
- T. Bay nimewo Sekirite Sosyal, oswa lòt nimewo pou idantifye w epi fè chak moun lakay ou devwale nimewo Sekirite Sosyal yo ak lòt nimewo ki pou idantifye yo, menm jan lalwa Eta a ak Lalwa Federal dekri, si BHA ta mande yo;
- U. Lokatè granmoun ki Rezide nan biling gouvènman federal ki pa gen eskiz yo fèt pou obsèvè, epi yo fèt pou fè moun ki nan kay la avèk yo pou yo kontribiye wit (8) èdtan sèvis kominotè pa mwa (aktivite politik pa ladann) epi pou yo obsèvè tout kondisyon BHA genyen sou Règleman pou

Sèvis Kominotè;

- V. Lokatè a fêt pou li sètifye li resevwa yon kopi "Règleman Zewo Tolerans" BHA a ("Règleman an") chak ane, konprann li, tonbe dakò ak kondisyon Règleman an, epi fè moun ki nan kay Lokatè a ak nenpòt moun ki nan biling nan oswa ki pral rantre nan biling nan ak pèmisyon Lokatè a obsève Règleman an tou.

9. KOUMAN BHA KASE KONTRA LWAYE / KOUMAN BHA PA RENOUVLE KONTRA LWAYE

- A. Lokatè a kapab kase kontra lwaye sa a nenpòt ki lè depi li bay yon avi pa ekri trant (30) jou.
- B. BHA pa kapab kase kontra lwaye sa a sòf si gen youn nan rezon sila yo ki prezante:
- (1) Si lwaye pa peye;
 - (2) Domaj grav ak posiblite pou domaj yo refèt nan Apatman ak nan zòn kote tout moun gen aksè;
 - (3) Si Lokatè a pa kenbe Apatman dapre prensip nòmal pou netwayaj, lasante ak sekirite;
 - (4) Salè ak/oswa byen ki depase kantite maksimòm règleman BHA a pèmèt;
 - (5) Si Lokatè a bay manti ki grav sou enfòmasyon yo mande pou bay nan aplikasyon pou rantre nan biling nan oswa pou kontinye rete nan biling nan;
 - (6) Si Lokatè a pa bay tout dokiman konplè yo atan sou salè a, dediksyon ak/oswa kantite moun ki nan fanmi an, oswa si Lokatè a pa siyen yon fòm otorizasyon ki pèmèt BHA jwenn verifikasyon sou enfòmasyon Lokatè a bay nan men lòt moun;
 - (7) Si Lokatè a pa transfere ale nan yon lòt Apatman lè règleman BHA yo mande pou li fè sa;
 - (8) Si Lokatè a voye yon moun lakay li oswa yon envite, oswa yon lòt moun ki sou kontwol Lokatè a al fè:
 - (a) Nenpòt aktivite kriminèl oswa lòt aktivite ki menase lasante oswa sekirite yon lòt lokatè oswa yon anplwaye BHA, oswa yon aktivite kap menase dwa Lokatè yo genyen pou yo jwi kay piblik la, oswa yon aktivite ki menase lasante oswa sekirite nenpòt moun ki rete nan zòn ki tou pre biling lojman piblik la;
 - (b) Nenpòt aktivite kriminèl vyolans oswa aktivite ki gen rapò ak dwòg ladan yo kit se sou pwopriyete BHA kit se pa sou pwopriyete BHA;
 - (9) Lokatè oswa moun ki kay Lokatè a, oswa yon moun ki nan biling nan, oswa ki pral rantre nan biling nan ak konsantman Lokatè a pou li vyole oswa derespekte dwa sivil yon lòt Lokatè, yon envite yon lòt Lokatè, yon anplwaye BHA, oswa nenpòt lòt moun ki sou pwopriyete BHA a legalman;
 - (10) Si Lokatè ap kreye pwoblèm nan lasante, nan sekirite oswa nan dwa lòt Lokatè genyen pou pou yo jwi pwopriyete BHA anpè, poutèt Lokatè a oswa yon moun kay Lokatè pran dwòg ilegal, oswa si Lokatè a gen abitib pran dwòg leta kontwole oswa si Lokatè a oswa yon moun kay Lokatè a bwè alkòl oswa si Lokatè a oswa yon moun kay Lokatè a gen abitid bwè alkòl;
 - (11) Si Lokatè a Refize siyen yon nouvo kontra lwaye, papye ki gen kondisyon anplis sou lwaye a, oswa lòt dokiman ki nesesè pou moutre yo rekalkile lwaye a, papye ki montre gen chanjman nan kantite moun ki nan kay la; oswa papye ki montre gen chanjman nan kondisyon lwaye a, oswa nenpòt lòt chanjman lalwa egzije oswa nenpòt lòt chanjman paragraf 17 otorize;
 - (12) Si Lokatè a vyole nenpòt nan kondisyon kontra lwaye sa a;
 - (13) Si Lokatè a refize kategorikman pou li konfòme li ak nenpòt ki desizyon Komite BHA kreye pou Pote Plent;
 - (14) Si Lokatè a sove pou yo pa mennen li lajistis, oswa pou yo pa arete li, oswa pou yo pa mete li nan prizon apre yo fin kondane li pou yon krim, oswa paske li eseye fè yon krim, si yo konsidere krim nan kòm yon gwo krim swivan lalwa kote Lokatè a te sove a, oswa nan ka Eta New Jersey a, si yo konsidere krim nan tankou yon gwo dega swivan lalwa Eta sa a, oswa si Lokatè a vyole kondisyon pou "pwobasyon" oswa pou "pawòl" (parole) lalwa Federal oswa lalwa Eta enpoze yo;
 - (15) Si BHA vin aprann yo te kondane yon Lokatè ki rete nan kay gouvènman Federal la, oswa nenpòt moun ki rete nan kay Lokatè a pou aktivite kriminèl ki gen rapò ak dwòg, si Lokatè a te fabrike, pwodwi, vann methamfetamin nan biling ki gen apatman gouvènman federal la sipòte;
 - (16) Si Lokatè a abandone Apatman an;
 - (17) Si Lokatè a pa obsève kondisyon sou Règleman pou Bèt BHA mete anplas koulye a.
- C. BHA ap voye yon avi pa ekri bay Lokatè a pou li fè Lokatè a konnen tout rezon ki fè kontra lwaye a kase. BHA fêt pou bay avi a davans nan peryòd tan nou pral site yo:
- (1) Katòz (14) jou, si se lajan lwaye a ki pa peye;
 - (2) Yon tan rezonab si rezon ki fè yo kase kontra lwaye a grav anpil (men tan sa a pa fêt pou depase trant (30) jou lè se poutèt lasante oswa sekirite lòt lokatè, anplwaye BHA, oswa lòt moun ki rete tou pre biling ki menase a; oswa si se poutèt dwòg, oswa aktivite kriminèl ki gens vyolans, oswa kondanasyon pou krim; epi
 - (3) Trant (30) jou pou nenpòt lòt ka.
- D. Avi ki fè konnen kontra lwaye a kase a fêt pou bay detay sou tout rezon ki fè yo kase kontra lwaye a.
- a. Avi a fêt pou fè Lokatè a konnen Lokatè a gen dwa pou li bay yon repons antanke Lokatè, pou

li egzamine dokiman ki nan dosye Lokatè a konsènan kontra lwaye a ki kase a, epi pou li mande yon odyans swivan pwosede pou pote plent BHA mete anplas la, depi pwosede pou pote plent BHA egzije BHA pou li bay Lokatè a opòtinite sa a. Nan sikontans kote BHA anile kontra lwaye a menm jan M.G.L. c. 139 Seksyon 19 ba li otorizasyon pou li fè a, avi a fèt pou li bay rezon egzak ki fè yo kase kontra lwaye a. Avi a fèt pou fè konnen BHA pral nan tribunal pou li kapab mete Lokatè a deyò swivan M.G.L. c. 239, oswa lap kòmanse aksyon legal pou li jwenn yon jijman pou mete Lokatè a deyò nan kay la menm jan M.G.L. c 139, Seksyon 19 di a, epi HUD deside aksyon pou mete Lokatè a deyò nan kay la fèt swivan kondisyon legal pou mete moun deyò nan kay.

- E. Si kontra lwaye yon Lokatè ki nan yon kay gouvènman Federal la sipòte fini, epi kontra lwaye a pa renouvre paske Lokatè a, oswa yon moun nan kay Lokatè a, pa swiv Règleman pou Sèvis Kominotè BHA a ak Règleman 42 U.S.C. 1437j(c), BHA ap bay Lokatè a yon avi ki ba li trant (30) jou pou li soti nan kay la, epi BHA ap bay Lokatè a yon avi ki fè li konnen li pap kapab patisipe nan pwogram kay gouvènman federal la ankò. Yon aksyon konsa kapab fèt swivan Pwosede ak Règleman BHA etabli pou Pote Plent. Si Komite Plent lan apiye aksyon BHA a, BHA ap kòmanse fè aksyon ak demach pou li reprann kay la swivan kondisyon M.G.L. c. 239 yo.

10. AVI LEGAL

- A. Nenpòt avi lalwa oswa kondisyon kontra lwaye a egzije pou BHA voye bay Lokatè a ap ase, eksepte pou avi ki dekri nan paragrap 13 yo. Epi Lokatè a rekonèt avi sa a legal, si:
- (1) se yon avi pa ekri li ye; epi
 - (2) (a) si yo voye li pa lèt premye klas, si li gen bon jan temm ak bon jan adrès sou li, epi si BHA voye li bay Lokatè a nan adrès Lokatè a epi si li gen adrès òganizasyon ki voye lèt la sou anvlòp la tou;
 - (b) si yo remèt lèt la bay yon granmoun ki ouvri pòt Apatman an, epi si yo voye yon kopi pa lapòs;
 - (c) si pa gen granmoun ki ouvri pòt la, yo fèt pou mete avi a anba pòt la, oswa nan pa pòt la, si 1 posib, epi yo fèt pou voye yon kopi pa lapòs; oswa
 - (d) pa lòt mwayen pou delivre lèt la depi lalwa pèmèt sa.

- B. Yon avi bay BHA ap ase si:

- (1) se yon avi pa ekri li ye; epi
- (2) si yo remèt li nan biwo administrasyon lokal la oswa si yo voye li pa lèt premye klass bay manadjè biling nan nan biwo administrasyon lokal la.

11. BAGAY LOKATÈ KITE NAN APATMAN AN APRE LI FIN SOTI NAN APATMAN AN; ABANDON

- A. Si yo mete yon Lokatè deyò swivan yon lòd tribunal, yo fèt pou retire nenpòt afè pèsonèl Lokatè a oswa bagay moun kay Lokatè a kite nan Apatman an, epi mete yo nan depo, epi apre sa jete yo swivan kondisyon lalwa Eta a. Lokatè a ap responsab pou li peye pri li koute pou mete bagay yo nan depo, ni pou anbale yo, ni pou pote yo al mete yon lòt kote, ni pou frè tout sa koute swivan kondisyon lalwa Eta a;
- B. Si Lokatè a ansanm ak tout moun kay Lokatè a kite Apatman an apre yo fin ba yo yon avi ki fè yo konnen kontra lwaye a kase, oswa apre BHA fin bay yon avi ki fè konnen kontra lwaye a kase epi afè pèsonèl Lokatè a ansanm ak afè pèsonèl moun ki kay Lokatè a rete nan Apatman an, BHA kapab trete bagay pèsonèl sa yo tankou se abandone yo abandone yo, epi li kapab fè sa li vle avèk yo;
- C. Si BHA panse Lokatè a ansanm ak tout moun kay Lokatè a abandone Apatman an san yo pa bay avi, BHA ap voye yon avi bay Lokatè a swivan kondisyon ki gen nan kontra lwaye sa a, epi swivan kondisyon pou fè plent lan, epi BHA ap kase kontra lwaye a paske, aparaman, Lokatè a abandone Apatman an. Si Lokatè a pa voye yon repons pou avi a anvan dat kontra lwaye a kase, BHA ap trete afè pèsonèl yo kite nan apatman an tankou se abandone yo abandone yo, epi lap fè sa 1 vle avèk yo;
- D. Anvan BHA fè sa 1 vle ak afè pèsonèl Lokatè a, BHA fèt pou li fè Lokatè a ansanm ak tout moun Lokatè a te bay kòm moun pou kontakte nan kadijans, konnen pou yo ka resevwa avi a pa lèt premye klas, nan yon anvlòp ki byen adrese epi ki gen temm sou li, epi yap voye li nan dènye adrès yo te genyen pou moun sa yo:
- (1) Kontra lwaye kase epi Lokatè a kite afè pèsonèl li nan Apatman an;
 - (2) Lokatè a, oswa moun Lokatè a chwazi a, gen kenz (15) jou apatide dat yo voye avi a pou yo retire afè pèsonèl Lokatè a anvan BHA konsidere yo kòm afè pèsonèl ki abandone, epi anvan li fè sa 1 vle avèk yo; epi
 - (3) Lokatè a responsab pou sèvis ak lojman nan apatman an pandan peryòd de tan afè pèsonèl Lokatè a rete nan apatman an.

BHA kapab fè aranjman ki rezonab ak Lokatè a oswa moun Lokatè a chwazi a pou li bay plis tan pou yo retire afè pèsonèl Lokatè a nan apatman an, depi yo ka montre gen yon rezon valab ki fè bagay yo te rete.

12. DEPANS LEGAL

Lokatè a ap gen pou li peye tout depans legal, frè ak chaj lalwa otorize, epi tout chaj sa yo, BHA ap peye pou li kapab mennen aksyon legal lap fè kont Lokatè a nan tribunal. Epi Lokatè a dakò pou li peye depans sa yo si BHA genyen kòz la nan tribunal. Nan depans legal, frè ak chaj yo, yap konte tout depans pou tribal la ak lòt depans ki te fèt pou ka a.

13. ENSPEKSYON

BHA ak Lokatè a fèt pou enspekte Apatman an nan sikontans sa yo:

A. Enspeksyon anvan Lokatè a pran lojman:

Apre Lokatè fin siyen kontra lwaye a epi anvan Lokatè a pran lojman, BHA ansanm ak Lokatè a, oswa yon moun Lokatè a chwazi pou reprezante li, fèt pou enspekste Apatman an epi BHA fèt pou bay Lokatè a yon Deklarasyon pa Ekri sou Eta Apatmanan ak tout aparèy ki nan Apatman an. Ni BHA ni Lokatè a, oswa moun Lokatè a chwazi pou reprezante li, fèt pou siyen Deklarasyon sou Eta Apatman an epi BHA fèt pou kenbe yon kopi nan dosye Lokatè a;

B. Enspeksyon ki pou fèt Chak Ane:

BHA ap fè enspeksyon nan apatman ki gen moun ki abite ladan yo chak ane swivan règleman BHA yo; Lokatè a ap resevwa yon kopi enspeksyon apatman ki gen moun ki abite ladan an epi yon kopi ap rete nan dosye Lokatè a;

C. Enspeksyon lè Lokatè a ap kite apatman:

Si Lokatè a kite apatman an volontèman, BHA ak Lokatè a, oswa moun Lokatè a chwazi pou reprezante li, ap enspekte apatman an, epi BHA ap bay Lokatè a yon Deklarasyon ekri sou Eta Apatman an, epi nan deklarasyon an ap gen lis:

- (1) tout chaj ki poko peye pou reparasyon ak/oswa pou lwaye ki poko peye; epi
- (2) tout chaj pou reparasyon ki nesesè pou mete Apatman an nan menm kondisyon li te ye lè yo te fè enspeksyon anvan lokatè a te pran lojman an, lè yo te siyen Deklarasyon sou Eta Apatman, eksepte pou bagay ki abime nòmalman yo.

D. BHA ka fè lòt enspeksyon li panse li nesesè pou li kapab sèten Apatman an pa gen danje ladan, li pwòp epi li nan bon kondisyon.

14. KOUMAN POU BHA RANTRE NAN APATMAN AN PANDAN PERYÒD LWAYE A

A. BHA kapab rantre nan apatman pandan yon tan rezonab, ak pèmisyon Lokatè a, oswa karantwit (48) èdtan apre li fin voye avi bay Lokatè a pou li kapab fè enspeksyon woutin, pou li kapab pran randevou pou fè antretyen nan apatman an, oswa pou fè travay pou modènize apatman an, pou flite pou eliminate tibèt ak moustik, pou antretyen woutin, lè se pa travay ki pou fèt dijans, oswa pou li kapab montre apatman an. Anvan li soti nan apatman an, BHA fèt pou kite yon deklarasyon pa ekri nan Apatman an. Li fèt pou bay dat, lè, ak rezon ki fè li te rantre nan apatman, menm si se pou li ka fè reparasyon. Se moun ki rantre nan apatman an ki fèt pou siyen deklarasyon an.

B. BHA kapab rantre nan Apatman nenpòt ki lè, san li pa fè konnen depi gen yon rezon valab ki fè li panse gen yon ijans. Yon ijans se yon kondisyon ki poze yon danje pou lavi, pou lasan, oswa pou sekirite yon moun, oswa se yon kondisyon ki prezante yon risk ki kapab koze anpil domaj nan pwopriyete a, tankou yon gaz kap chape, yon dlo kap koule (espésyalman nan zòn ki tou pre apatman an), flanm dife, lafimen, odè kap soti nan Apatman an, maladi ki tonbe sou yon Lokatè ki pa gen mwayen pou li mande èd, prèv gen yon timoun oswa plizyè timoun ki poko gen dis (10) an ki nan kay la poukонт yo, oswa ka ki mande pou yo fè yon travay annijans. Depi li posib, BHA ap fè tout efò rezonab pou li kontakte Lokatè a anvan li rantre nan apatman an. Nan kadijans konsa, BHA kapab kite yon deklarasyon pa ekri nan Apatman an, anvan li soti nan Apatman an. Deklarasyon an ap fè konnen dat la, lè ak rezon ki fè yo te rantre nan Apatman an, menm si se pou yo fè reparasyon. Se moun ki rantre nan apatman ki fèt pou siyen deklarasyon an.

C. BHA kapab rantre nan Apatman an swivan yon lòd tribal bay, oswa si li panse Lokatè a abandonne Apatman an.

15. PWOSEDE POU PLENT

Tout plent Lokatè a genyen sou kontra lwaye a kapab rezoud swivan Pwosede ak Règleman pou Plent BHA mete anplas.

16. RÈGLEMAN BHA

Tout règleman BHA ekri yo, yo la pou avantaj ak byenèt bilingnan ak Lokatè yo. Epi règleman sa yo toujou swiv kondisyon kontra lwaye a, epi yo mete yo nan kontra lwaye a especialman kòm referans, kòm si se tout règleman yo ki te ekri nan kontra lwaye a. Règleman sa yo disponib pou revize touswit depi yon moun mande pou revize yo. Yo nan biwo santral la epi yo nan biwo devlopman lokal la tou.

17. CHANJMAN

Pa gen okenn chanjman ni adisyon kap fèt nan kontra lwaye sa a, eksepte si gen yon akò pa ekri ant Administrasyon an ak Lokatè a, oswa si yo bay Lokatè a yon avi trant (30) jou avan dat chanjman an oswa bagay yap adisyone nan kontra a vin ofisyèl. Epi chanjman yo oblige fèt pou yo kapab konfòme yo ak lalwa, ak règleman, oswa ak pèmisyon gouvènman Federal, oswa règleman gouvènman Eta a egzije yo.

18. (Kondisyon Anplis)

19. AKOMODASYON REZONAB AK ENFIMITE/FASON POU MOUN ENFIM ANTRE NAN BILDING NAN

Anplis de lòt obligasyon Lokatè ak BHA mete nan Kontra Lwaye sa a, Lokatè a ak BHA dakò pou yo obsève kondisyon Pwosede Pou Akomodasyon Rezonab nan Lojman BHA mete anplas yo; ("RAHP"), kòm si li te egziste lè sa a (epi kòm si yo te fè referans a pwosede a nan kontra lwaye sa a), epi pi patikilyèman Lokatè a ak BHA tonbe dakò sou kondisyon sa yo:

- A. Si pandan Lokatè a rete nan apatman an, epi Lokatè a vin "yon moun yo rekonèt kòm yon moun enfim", lè sa a pandan peryòd de tan sa a, epi si Lokatè a mande sa:
- (1) Swivan kondisyon RAHP yo, BHA ap fè modifikasyon rezonab nan apatman an, depi li nesesè poutèt enfimite oswa andikap Lokatè a "rekonèt kòm yon moun enfim," depi BHA pa oblige fè modifikasyon ki kapab vin tounen yon anmèdman finansyè oswa administratif, oswa ki kapab koze chanjman nan fason pwogram BHA yo fonksyone. Men, BHA ap transfere Lokatè a nan yon apatman ki deja gen pare pou Lokatè ki enfim, si gen yon apatman ki disponib lè sa a, epi swivan kondisyon BHA etabli pou RAHP a;
 - (2) Swivan kondisyon RAHP yo, BHA ap fè chanjman nan règleman ak prensip pou lojman an pouvike chanjman an nesesèsè pou li kapab bay Lokatè a yon opòtinite egal ak tout moun pou li sèvi epi pou li pwofite de lojman an malgre enfimite li oswa andikap li. Men yo pap egzije BHA pou li fè modifikasyon ki ta kapab ba li pwoblèm finansye ak administratif ki pa nesesè, oswa ki ta kapab koze chanjman nan prensip fondamantal pwogram BHA a anjeneral.
- B. Si (i) Lokatè a pa yon "moun ki rekonèt kòm moun enfim", epi (ii) lè yo siyen kontra lwaye a, oswa a nenpòt ki moman apre yo fin siyen kontra lwaye a, Apatman an gen bagay ladan li ki rann li "aksesib" pou yon "moun ki pase kòm moun enfim", lè sa a BHA kapab, swivan sa li panse, transfere Lokatè a pou li soti nan Apatman an pou ale nan yon lòt kay leta swivan kondisyon Plan pou Chwazi Lokatè BHA etabli. Yap defini nenpòt ki kondisyon ki etabli ant gimè ki nan Seksyon 19 la, swivan kondisyon ki nan Tit 24, Pati 8 nan Kòd Règleman Federal yo, amwenke yo defini yo yon lòt jan nan Seksyon sa a.

20. MANM FANMI AN KI GEN OTORIZASYON

Eksepte si gen Kondisyon Anplis Ki Ajoute nan Kontra Lwaye sa a, se moun ki gen non yo sou lis anba a sèlman kap gen otorizasyon pou yo rete nan Apatman an ak Lokatè a, epi se yo menm kap fè pati moun ki nan kay Lokatè a. Si gen plizyè moun ki siyen kontra lwaye a kòm Lokatè, akò Lokatè a ap toujou prezante kòm obligasyon tout moun sa yo ansanm, epi lè yap pale de Lokatè yap pale de tout moun sa yo.

APRE TOUT KONDISYONSA YO TE FIN FÈT, tout moun yo siyen kontra lwaye sa a le
_____, 200_____, nan Boston, Massachusetts

(Lokatè a/Rezidan an)

(Depatman Lojman nan Boston)

Tit: _____

(Lokatè a/Rezidan an)

BHA Lease Rev. 1/2000